




Social Security

Yon “Foto”



An abstract graphic in the background features a series of concentric, curved bands in shades of blue and red, resembling a stylized American flag. Superimposed on these bands are several five-pointed stars of varying sizes and shades of gray, some with dashed outlines. The overall effect is dynamic and celebratory.

www.socialsecurity.gov

Yon “Foto”

Piblikasyon sa a bay yon foto ki montre pifò karakteristik enpòtan Sekirite Sosyal, Program SSI, Revni Sekirite Siplemantè, ak program Medicare. Ou ka jwenn enfòmasyon espesifik sou program sa yo, avèk piblikasyon nou yo tou, depi ou vizite www.socialsecurity.gov sou Entènèt.

Nimewo Sekirite Sosyal Ou

Benefis ou ap resevwa nan Sekirite Sosyal baze sou salè travay ou (oswa ou menm si ou se yon travayè endependan) rapòte avèk nimewo Sekirite Sosyal ou. Kidonk, li enpòtan pou ou toujou itilize nimewo kòrèk Sekirite Sosyal ou. Epitou, ou ta dwe asire non ou itilize nan travay la se menm ak non ki endike sou kat Sekirite Sosyal ou. Si ou ta chanje non ou, ou ta dwe chanje non ou tou sou kat Sekirite Sosyal ou. Sekirite Sosyal pa reklame frè pou sèvis sa a. Ou ta dwe gen yon nimewo Sekirite Sosyal pou ptit ou imedyatman apre yo fèt. Ou ap bezwen nimewo yo pou reklame yo kòm depandan sou fòm taks federal ou.

Vòl Idantite

Pran prekosyon ou avèk kat ak nimewo Sekirite Sosyal ou pou yo pa vòlè idantite ou. Montre kat ou nan travay ou lè ou kòmanse yon djòb pou dosye ou yo ka kòrèk. Apre sa, mete li yon kote ki an sekirite. **PA MACHE** avèk kat ou sou ou.

Asire dosye ou yo egzat

Li enpòtan pou non ou ak nimewo Sekirite Sosyal ou sou kat Sekirite Sosyal ou annamoni avèk dosye pewòl travay ou, epi ak fòm W-2 a pou nou ka ba ou kredi pou salè ou nan dosye ou. Si kat Sekirite Sosyal ou pa kòrèk, kontakte nenpòt biwo Sekirite Sosyal pou fè chanjman yo. Tcheke fòm W-2 pou asire ke dosye travay ou kòrèk epitou, si li pa ta kòrèk, pou ou bay travay ou enfòmasyon ki kòrèk yo.

Ou kapab tcheke dosye revni ou tou nan Etadkont Sekirite Sosyal ou. Etadkont lan disponib nan Entènèt pou travayè ki gen laj 18 tan ak plis. Pou jwenn Etadkont ou, ale sou Entènèt nan sitwèb www.socialsecurity.gov/mystatement, epi kreye yon kont. Si Etadkont ou pa gen tout salè ou yo, fè travay ou ak biwo Sekirite Sosyal konnen nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk.

Peman taks Sekirite Sosyal

Si ou ap travay pou yon patwon, travay la ap retire taks Sekirite Sosyal ak taks Medicare nan chèk ou, epi l ap voye taks sa yo bay Internal Revenue Services (IRS). Travay ou ap voye tou bay IRS yon kantite lajan ki egal epi ki annamoni ak sa ki te sòti sou chèk ou. Travay ou rapòte tout salè ou bay Sekirite Sosyal.

Si ou ap travay avèk pwòp tèt pa ou, se ou menm sèl ki peye tout taks Sekirite Sosyal ak taks Medicare lè ou ap ranpli fòm taks ou. Apre sa IRS rapòte salè ou bay Sekirite Sosyal. Lè sa

a, taks ou peye egal ak pousantaj travay ou ta peye pou ou, plis pòsyon pa ou la. Men, gen dediksyon espesyal sou taks sou revni ou ka pran ki konpanse taks ou.

Yo pa mete taks Sekirite Sosyal ak taks Medicare ou peye yo nan yon kont espesyal pou ou. Yo sèvi pou peye benefis pou moun k ap resevwa benefis jodi a. Menm jan tou, alavni se travayè ki pral peye benefis ou yo prochènman.

“Kredi” Sekirite Sosyal sou Salè

Pandan ou ap travay epi ou peye taks Sekirite Sosyal, ou vin gen “kredi” ki konte pou elijiblite ou pou benefis Sekirite Sosyal (selon salè ou, ou ka reyalize apeprè kat kredi pa ane). Pifò moun bezwen 10 ane travay pou yo ka ranpli kondisyon pou benefis yo. Moun ki jèn yo bezwen mwens kredi pou yo ka kalifye pou benefis maladi oswa enfimite epi pou fanmi yo ka kalifye pou benefis sivivan.

Kalkil benefis Sekirite Sosyal

Anjeneral, benefis Sekirite Sosyal ou se yon pousantaj salè mwayen ou touche pandan toutan ou t ap travay. Travayè ki pa touche anpil lajan nan travay yo ap resevwa yon pi gwo pousantaj pase travayè ki nan pòsyon revni siperyè a. Yon travayè ki touche yon salè ki mwayen ka espere yon benefis retrèt ki ranphase apeprè 40 pouzan salè mwayen li touche pandan toutan li t ap travay.

Sekirite Sosyal pa t janm vle sèl sous revni ou lè ou pran retrèt ou oswa si ou vin malad oubyen enfim, epi li pa t janm vle reprezante sèl sous revni fanmi ou si ou ta mouri. Li vle konplete lòt revni ou nan plan panson, epay ak envestisman.

Benefis Sekirite Sosyal

Taks Sekirite Sosyal ou peye twa (3) kalite benefis: retrèt, maladi oswa enfimite ak benefis pou sivivan.

Si ou kalifye pou avantaj retrèt oswa avantaj pou andikap, lòt manm fanmi ou ka resevwa avantaj yo tou. Men kèk nan avantaj sa yo: madanm/mari ou si li gen omwen laj 62 zan oswa si li pokon gen laj 62 zan men l ap pran swen yon timoun ki pokon gen laj 16 zan oswa ki gen laj 16 zan ak plis, men ki andikape epi ki gen dwa pou resevwa avantaj yo sou dosye ou; ak ptit ou yo, si yo pa marye epi si yo pokon gen laj 18 tan, si yo gen la 18 tan – 19 ane epi si yo nan lekòl primè oswa nan lekòl segondè aplantan, oswa si yo gen laj 18 tan oswa plis men yo andikape. Si ou divòse, ansyen madanm/mari ou ka kalifye pou avantaj ki sou dosye ou.

Retrèt

Nou peye benefis nan laj konplè retrèt (gen benefis redui ki disponib tou, sito ou gen laj 62 lane) si ou te travay lontan ase. Si ou te fèt anvan 1938, laj konplè pou ou pran retrèt ou se 65 lane. Laj konplè pou ou pran retrèt ap

ogmante tanzantan jouk li rive nan laj 67 an pou moun ki te fèt nan lane 1960 oswa apre sa. Si ou pran retrèt ou apre laj konplè retrèt la, ou ap jwenn kredi espesyal chak mwa ou pa pran benefis yo jouk laj 70 lane. Si ou chwazi pou ou pran retrèt ou apre 65 an, ou toujou ta dwe aplike pou Medicare nan twa (3) mwa apre 65yèm anivèsè nesans ou.

Maladi oubyen enfimite

Yo ka peye ou benefis maladi oubyen enfimite a nenpòt ki laj si ou te travay lontan ase epi ou gen yon maladi oswa yon enfimite fizik oswa mantal ki grav, ki anpeche ou travay pandan yon ane oswa plis, oswa si ou gen yon eta sante ki pral lakòz lanmò ou. Pa retade aplikasyon an jouk ou kite travay ou depi yon ane paske pliziè mwa ka pase avan nou fin trete yon aplikasyon pou benefis maladi oswa enfimite.

Sivivan

Si ou mouri, sèten manm fanmi, kèk sivivan ou ka kalifye pou avantaj yo. Moun sa yo gen ladan sivivan yo, vèf/vèv (ak vèf/vèv ki divòse), timoun ak paran depandan yo.

Medicare

Taks Medicare ou peye pandan ou ap travay ap finanse pòson asirans ki kouvri depans lopital (kèkfwa sa rele Pati A) Medicare. Pwoteksyon sa a ede peye pou pasyan ki entène

lopital ak swen enfimyè kalifye ak lòt sèvis. Lòt pòsyon Medicare la se asirans medikal (kèkfwa sa rele Pati B). Anjeneral pati sa a peye avèk yon prim chak mwa, ki sòti nan chèk Sekirite Sosyal ou. Pati B a ede peye frè doktè, vizit pasyan ekstèn nan lopital ak lòt sèvis medikal ak materyèl.

NÒT: *Ou elijib pou Medicare lè ou gen laj 65 lane. Se konsa pou tout moun, menm moun ki fèt nan lane 1938 oswa apre sa ki dwe depase laj 65 lane pou yo jwenn benefis retrèt konplè yo.*

Revni Sekirite Siplementè

SSI fè peman pa mwa pou moun ki gen ti revni ak ti kantite resous. Pou jwenn SSI, ou dwe gen 65 an, oubyen ou avèg, oubyen ou malad oswa enfim. Timoun tankou adilt ka ranpli kondisyon pou yo resevwa benefis maladi oswa enfimite SSI.

Kantite lajan SSI ou ka resevwa depann de revni ou, ki resous ou ak kote ou ap viv. Gouvènman federal la peye yon benefis debaz epi kèk eta ajoute lajan sou kantite a. Tcheke nan biwo lokal Sekirite Sosyal ou pou konnen ki kantite lajan SSI yo bay nan eta kote ou ap viv la. Anjeneral, moun k ap resevwa SSI kapab resevwa Medicaid, Pwogram Asistans Nitrisyon (SNAP) ak lòt asistans. Ou pa gen obligasyon pou ou te travay pou jwenn peman SSI. Finansman peman SSI fèt avèk revni taks jeneral yo, pa avèk taks Sekirite Sosyal.

Kilè ak kijan pou aplike pou Sekirite Sosyal oswa pou SSI

Ou ta dwe aplike pou avantaj retrèt apeprè twa (3) mwa anvan dat ou vle pou kòmanse resevwa avantaj yo. Si ou pa pare ase pou

pran retrèt ou, men ou w ap resevwa sou fason pou pran retrèt ou nan yon ti tan, ou ka vle ale nan Entènèt sou sitwèb Sekirite Sosyal. Si ou déjà gen ase kredi Sekirite Sosyal pou kalifye pou avantaj yo, ou kapab itilize Estimatè Retrèt nou sou Entènèt nan sitwèb www.socialsecurity.gov/estimator. Estimatè Retrèt la se yon zouti planifikasyon finansye ki pratik, pwoteje ak rapid k ap pèmèt ou kreye senaryo “kisa pou mwen fè si” ki adapte pou ou. Si ou poko gen ase kredi pou kalifye pou avantaj yo, nou gen lòt kalkilate avantaj nan sitwèb www.socialsecurity.gov/planners. Ou kapab aplike pou avantaj retrèt ou oswa pou avantaj andikap ou sou Entènèt nan sitwèb www.socialsecurity.gov.

Ou ta dwe aplike pou benefis Sekirite Sosyal oubyen benefis maladi oswa enfimite SSI si ou vin twò malad pou ou travay. Si travayè yon fanmi mouri, ou ta dwe kontakte nou pou verifye si ou menm ak lòt manm nan fanmi an elijib pou benefis yo.

Lè ou ap aplike pou benefis yo, ou ap bezwen soumèt dokiman ki montre ou elijib, tankou yon batistè pou chak manm fanmi ki aplike pou benefis yo, yon sètifika maryaj si moun ou ki marye avèk ou a aplike epi pi resan fòm W-2 ou (oswa fòm taks si ou se yon travayè endependan).

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an www.socialsecurity.gov, oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tandem, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl,

peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10006-HC
A "Snapshot" (Haitian-Creole)
July 2012